



Rapò Anyèl

2022



“

Mwen te aprann tape. Mwen ka fè antre done nan travay mwen an. Mwen te aprann kijan pou m sovgade fichye nan yon nyaj tankou Google. Mwen ka konekte sou wifi epi mwen ka pataje dokiman. Lavi mwen pral amelyore paske mwen p ap genyen pou m depann de lòt moun pou m jwenn aksè ak entènèt epi tape.

Myrlande, Gradye TGH

Kontni

- | | |
|---------------------|------------------------------|
| ① Lèt Akèy | ⑨ Pwojektè sou Kominote Nou |
| ② Apèsi Pwogram nan | ⑩ Nouvèl yo |
| ④ Sit Patnè yo | ⑪ Finans |
| ⑥ Enpak Nou | ⑫ Sipòtè |
| ⑧ Pledwaye | ⑬ Pwojektè sou Investisè Nou |

Byenvini

Zanmi Mwen Yo,

An 2022, gras ak efò kolektif tout moun nan kominote Tech Goes Home nan, plizyè milye etidyan anplis te gradye nan kou enklizyon dijital nou yo, chak nan yo te resevwa yon aparèy dijital, sa ki te ba yo aksè ak yon koneksyon entènèt fyab lakay yo, epi te aprann konpetans esansyèl pou yo navige nan mond nou an ki kontinye ap dijital plis toujou a. Gras ak nouvo zouti ak nouvo konesans yo, etidyan gradye atravè Eastern Massachusetts te vin pi kapab fè devwa lekòl, aplike pou travay, travay lakay yo, konekte ak moun yo renmen, jwenn aksè ak sèvis telesante, epi angaje nan kominote yo.

Reyisit pwogramasyon TGH la k ap kontinye, ansanm ak demann soutni pou plis resous ak fòmasyon, fè plas pou plis ekspansyon TGH atravè Massachusetts. An me 2022 TGH te reyalize yon nouvo pwogram pilòt nan pwogramasyon li a nan Essex County, an patenarya ak Essex County Community Foundation ak senk òganizasyon kominotè ki nan senk minisipalite diferan. Kounye a, piske anprent pwogramasyon nou an kontinye ap grandi nan Greater Boston ak Essex County, TGH pran plezi tou pou lanse yon nouvo ekspansyon nan Western Massachusetts, k ap kòmanse nan kominote Springfield, Chicopee, ak Holyoke.

Angajman nou nan ekspansyon pwogramasyon nou reflete nan jan nou fokalize sou fè politik ak sistèm nou avanse pou sipòtè ekite dijital enklizif ak dirab sou lontèm. Ekip pledwaye nou an ap asire pi gwo envestisman ekite dijital ke lidè lokal ak eta ap fè, epi nou te lanse yon nouvo seri diskisyon ak lidè ki byen plase pou wè difikilte inegalite dijital yo, pou ede ogmante konsyantizasyon piblik la epi bay konvèsasyon enpòtan k ap deside politik yo fòm. An 2023, nou pral konstwi sou efò sa yo pandan nou pral kontinye angaje chanpyon lejislatif nan nivo federal, eta ak lokal.

Aprann ak konstwi sou sa nou te reyalize pandan ane ki te pase a, nou eksite pou nou fè pi gwo pa toujou nan travay pwogramasyon ak pledwaye nou an, an 2023. Jan sa toujou fèt, nou rekonesan pou rezilyans, inovasyon, ak devouman enstriktè, etidyan, gradye, sipòtè ak patnè nou yo. N ap tann ak enpasyans pou nou kontinye travay nou an bò kote nou tout pou fè aksè dijital tounen yon realite pou tout moun nan Massachusetts ak pi lwen.

Ak tout kè nou,

Elizabeth Schwab
Prezidan Konsèy

Daniel R. Noyes
PDJ

Apèsi Pwogram nan

FÒMIL POU ENPAK

Òdinatè

Aksè ak yon nouvo iPad oswa Chromebook pou itilize lakay



Entènèt

Koneksyon nan entènèt ki estab ak abòdab pou lakay



Fòmasyon

Enskripsyon nan fòmasyon sible, konpetans dijital entèaktif ak enstriktè kominotè




Enklizyon Dijital

Aksè dirab ak mond dijital la ak opòtinite epi resous li ofri



Tout kou TGH yo kouvri kat konpetans prensipal nou yo, anplis se kontni kou ki espesyalman pèsonalize nan objektif espesifik etidyan ki enskri nan kou sa yo.



EGZANP KOURIKOULOUM

Opòtinite Edikasyon

Fè devwa
Aplikasyon nan pwogram akademik
Patisipasyon nan kou anliy

Mobilite Ekonomik

Voye ak resevwa imèl
Kreye yon rezime
Aplike pou yon anplwa

Sante ak Byennèt

Patisipe nan randevou telesante
Plase kòmand pwodui esansyèl sou entènèt
Enskri pou avantaj nitrisyonèl

Angajman Kominotè

Konekte ak zanmi ak fanmi
Patisipe nan klas detant, sèvis relijyon, ak evènman vityèl
Enskri pou vote



Me ha ayudado a transformar mis conocimientos y a tener más capacidad para llevar a otro nivel mi negocio.

Gradye TGH, The Latino Support Network



Tradiksyon: Li te ede w transfòme konesans mwen epi mete biznis mwen an nan yon lòt nivo.

Gradye TGH, The Latino Support Network

Sit Patnè yo

TGH fyè pou li sèvi etidyan nou yo atravè zòn sèvis nou ki kontinye ap ogmante nan Eastern Massachusetts. Se ak anpil rekonesans ke n ap onore patnè ak enstriktè nou yo pou devouman yo.

BOSTON

Allston/Brighton

Baldwin Early Learning Pilot Academy School
Gardner Pilot Academy
Jackson Mann Community Center
Veronica Smith Senior Center

Back Bay

Central Library, Boston Public Library
Steadfast Solutions
Women's Lunch Place

Charlestown

John F. Kennedy Family Service Center

Chinatown

Boston Senior Home Care*
Quincy Elementary School
Urban College of Boston

Dorchester

ABCD Dorchester NSC
Boston Senior Home Care*
Boston Teachers Union

Parent University Technology Center,
Boston Public Schools
Brookview House
Building Our Lives Together As One
Codman Square NDC
Dorchester Bay EDC
Epiphany School
Gilbert Albert Community Center
Grove Hall Branch, Boston Public Library
Haitian Multi-Service Center
Leahy Holloran Community Center
Lower Mills Branch, Boston Public Library

Mujeres Unidas Avanzando
Rounding the Bases
Salvation Army Kroc Center
Uphams Corner Branch, Boston
Public Library
Urban Edge Housing Corp.

Downtown

ABCD Youth Services
Boston Senior Home Care*
Jewish Vocational Service (JVS)
Rian Immigrant Center
Shared Services MA, United Way
of Massachusetts Bay and
Merrimack Valley
YMCA International Learning Center

East Boston

ABCD East Boston APAC*
BPS Parent University Technology
Center
East Boston High School
East Boston Social Center
Guild Elementary School
MACIR, Inc.
Maverick Landing Community Services
Neighborhood of Affordable Housing
(NOAH)

Hyde Park

Hyde Park Community Center
Mount Olives Community Center

Jamaica Plain

Boston Housing Authority Resident
Self-Sufficiency Program*
Catholic Charities, El Centro del
Cardenal
CSI Franklin Park Villa Co-Op
Forest Hills Housing Cooperative
Hennigan K-8 School

Mattapan

Grove Hall Child Development Center
Immigrant Family Service
Institute (IFSI)
Mattahunt Elementary School
Mattapan Branch, Boston
Public Library
Mildred Ave K-8 School
Taylor Elementary School

Mission Hill

Roxbury Tenants of Harvard

Roslindale

CSI Support & Development Services
Hebrew SeniorLife
Menino Community Center

Roxbury

Adult Learning Center
Boston Central Adult High School
Boston Housing Authority Resident
Self-Sufficiency Program*
Building Pathways Boston
EMPath
Madison Park Development
Corporation
Office of Multilingual and Multicultural
Education, Boston Public Schools
Orchard Gardens K-8 School
Rev. Dr. Michael E. Haynes Early
Education Center
Roxbury Branch, Boston Public Library
Vine Street Community Center
Vital Village Network, BMC
YouthBuild Boston
Youth Options Unlimited (YOU) Boston

South Boston

Catholic Charities, Laboure Center
Adult Education
CSI Castle Cove
Julie's Family Learning Program
Notre Dame Education Center

South End

Beethoven Elementary School
Boston HERC
Boston Housing Authority Resident
Self-Sufficiency Program*
La Alianza Hispana
Project Place
Tenants' Development Corporation

West Roxbury

Ohrenberger Community Center
Village of Joy

CAMBRIDGE

Cambridge Community Learning
Center
Cambridge Housing Authority
Cambridge Public Library
Just-A-Start
Margaret Fuller Neighborhood House

CHELSEA

City of Chelsea, Recreation &
Cultural Affairs
Roca, Inc.

EVERETT

Everett Public Schools, English
Learners

GLOUCESTER

Wellspring House, Inc.

HAVERHILL

MakeIT Haverhill
YMCA of the North Shore, Haverhill

LAWRENCE

Lawrence CommunityWorks

LYNN

The Latino Support Network Inc.
STAR Center, Essex County Sheriff's
Department

MEDFORD

BEST Hospitality Training

METHUEN

The Community Builders (TCB),
Nevins Manor

QUINCY

City of Quincy
Literacy Volunteers of MA
SEIU1199 Training and Upgrading Fund

RANDOLPH

A Tribe Called Black

REVERE

Revere Community School
Women Encouraging
Empowerment, Inc.

SALEM

North Shore Community Development
Coalition

SAUGUS

Iglesia Peña de Horeb

WALTHAM

Healthy Waltham

KOMINOTE PATNÈ NOU

Boston	Lawrence	Revere
Cambridge	Lynn	Salem
Chelsea	Medford	Saugus
Everett	Methuen	Waltham
Gloucester	Quincy	
Haverhill	Randolph	

● Boston
● Vil Pasaj
● Lòt Minisipalite
Eastern
Massachusetts

100+

Sit Patnè an 2022

360+

Kou an 2022

3700+

Gradye an 2022

Enpak Nou



“

Enstriktè yo te itil, envantif ak pasyan anpil – yo ale pi lwen pase sa yo te dwe fè. Jiska prezan, mwen pa t konn ouvè yon òdinatè. Klas la te amelyore lavi mwen.

Marvin, Gradye TGH

74%

nan gradye yo te rive itilize telesante pandan pandemi COVID-19 la



98%

gradye ki gen laj pou ale lekòl te rive pi byen patisipe nan klas yo sou entènèt

“

Kou TGH yo itil anpil epi w vin fè pati yon kominote k ap sipòte w. Mwen pi pare pou inivèsite ak pou avni an, epi mwen konnen kijan pou m pare pou estaj ak entèvyou.

Ayah, Gradye TGH

54%

gradye yo te jwenn yon nouvo travay, yon pi bon travay, ogmantasyon salè, oswa te antre nan yon pwogram fòmasyon travay

“

M ap travay kounyea, epi fòmasyon sa a te jis pafè. Gras ak eksperyans mwen, mwen ka aplike pou yon meyè anplwa epitou fòme moun nan travay mwen ye kounye a.

Raquel, Gradye TGH



“

Mwen te vin genyen yon abondans konesans ke mwen te twouve ki itil anpil e sa pral asiste nan biznis mwen antanke founisè sèvis gadri. Fòmasyon an te mete m ajou ak teknoloji. Mwen te panse m te konnen anpil bagay, sepandan apre m fin antre nan pwogram nan, mwen te aprann anpil lòt bagay pou navige sistèm nan.

Keisha, Gradye TGH

91%

pami gradye nou yo te itilize konpetans dijital yo pou kominike pa imèl



Pledwaye Nou


Nou kwè ke nan objektif pou nou rive fè ekite dijital enklizif dirab avanse, nou dwe abòde inegalite yo nan rasin separasyon dijital la gras ak pledwaye nan nivo lokal, eta ak federal yo.

Nouvo Investisman Enpòtan

TGH sekirize nouvo investisman enpòtan pou ekite dijital bò kote ni lidè eta ak minisipal yo. An 2022, TGH te reyisi fè pledwaye pou \$2 milyon dola nan finansman ARPA nan Vil Boston ak \$500,000 nan finansman nouvo eta pou ogmante pwogramasyon li, sa ki prepare tablo a pou plis investisman toujou pi devan ki fokalize sou ekite dijital.

Revizyon 5 Lane

Nan kad travay pledwaye nou an, n ap evalye pwogram nou yo ofiramezi tan ap pase pou nou konprann enpak sou lontèm enpak enklizyon travay dijital nan kominote patnè nou yo.



Tchat Fireside

TGH te lanse seri #TGHFiresideChat ke Google te finanse, kote nou te mete ansanm pwomotè chanjman tankou lidè san pwofi, defansè kominotè, ak ofisyèl eli pou diskite sou ekite dijital sou tout ang.



TGH te lanse seri yo ak "A Black Man's Perspective on Digital Equity" (Pèspektiv yon Moun Nwa sou Ekitè Dijital). Soti sou bò goch, Marvin Venay (TGH), ansanm ak lidè san pwofi Michael Curry, Eric Esteves, ak Shawn Brown.



Dezyèm #TGHFiresideChat nou an te reyini ansanm patnè TGH nou Lisbeth Valdez, enstriktè TGH Frank Vasquez, ak Rep. Eta Andy Vargas.

Community Spotlights

TANDE YON PATNÈ TGH



Rezo Sipò Latino (LSN) ki twouve li nan Lynn, te kòmanse ofri pwogramasyon Tech Goes Home an janvyè 2022 nan kad ekspansyon TGH Essex County, epi yo te gradye 58 etidyan pandan premye ane patenarya TGH yo a. LSN anseye kou ki kouvri konpetans dijital esansyèl tankou tape ak tretman tèks, aplikasyon pou anplwa anliy, jwenn lojman, ak jwenn aksè ak resous aprantisaj lang anglè. Yo ofri tou kou pou pwopriyete ti biznis, ki fokalize sou mobilizasyon teknoloji pou maketing, bidjè ak

bank anliy. Apre yo fin gradye nan kou TGH yo nan LSN gradye yo pare pou asire nouvo opòtinite anplwa, fè biznis yo grandi, sipòte pitit yo nan lekòl, jwenn aksè ak resous ensansyèl ak opòtinite ki disponib nan mond dijital la.

TANDE YON GRADYE TGH



Grace McKinnon te tandè pale de Tech Goes Home premye fwa nan Chelsea Senior Center. Li te enskri, epi gras ak kou a – ke yo te fè nan de lang anglè ak panyòl – Grace te devlope nouvo konpetans ak zouti ke l ap itilize nan kominote li pou òganize travay. Pa egzanp, Grace sèvi ak nouvo tablèt ak konpetans dijital li yo pou devlope zouti maketing, sa ki gen ladann depliyon ak lòt materyèl pou fè pwomosyon, pou selebrasyon Mwa Istwa Nwa, Fèt Manman, ak Juneteenth. L ap travay tou nan sant granmoun aje a sou fason pou pi byen simonte baryè ak kreye opòtinite pou granmoun yo pou sèvi ak teknoloji, epi l ap travay pou angaje plis granmoun aje pou antre nan kou TGH yo yon fason pou yo ka pote lakay yo aparèy pou yo devlope nouvo konpetans menm jan li te fè li a. Grace te pataje ke gras ak TGH li "te redèkouvri yon apresyasyon pou sa [òdinatè] ka fè pou li."

TANDE YON ENSTRIKTÈ TGH



Lè **Marie Wade** te fèk enskri nan kou TGH ak pitit li Eliot ki nan K-8 School, li te tonbe damoun pwogram nan – espesyalman fason kou a touche alafwa elèv yo ansanm ak paran yo ansanm. Apre li te fin gradye nan kou a, li te deside pou li tounen yon enstriktè TGH epi ede pote pwogram TGH la nan lekòl kote li t ap travay nan moman an, Mattahunt Elementary School. Marie te anseye premye kou TGH li an 2011 epi li te twouve ke nan ofri TGH li te ka ogmante angajman nan fanmi epi asire li ke etidyan li yo jwenn sa yo bezwen pou kontinye aprann lakay yo. Marie ap anseye kounyea TGH pou fanmi nan Taylor Elementary School, kote li se yon pwofesè nan matènèl pou Elèv k ap

Aprann Anglè ki pale Kreyòl Ayisyen lakay yo. Angwo, 477 etidyan te gradye nan kou TGH Marie a!

Nan Nouvèl



Annape a gen yon echantyon istwa ki pale de Tech Goes Home nan yon varyete kanal enfòmasyon. Pou yon obsèvasyon plis konplè sou fason TGH ap dirije nan domèn ekite dijital la, li plis sou sitwèb nou an sou techgoeshome.org/newsroom.

Commonwealth

Mas 2022

Pwogrè ki fèt nan inegalite dijital — men plis travay nesèsè toujou

“Men verite a se ke inegalite dijital pa nouvo, epi moun k ap deside nan politik yo, defansè, ak òganizasyon kominotè yo te kontinye travay ansanm pou yo rezoud pwoblèm sa a depi plizyè deseni. Kounye a nan kontèks COVID-19 la, nou genyen yon opòtinite inik pou nou kreye plis sous finansman ak pwogrè konpreyansif, solisyon enklizif ki ka debouche sou fèmti separasyon dijital la yon fwa pou tout.”

The Boston Globe

Septanm 2022

Inegalite dijital rive pli lwen aksè swen sante

“Ofiramezi atansyon ak resous ke yo bay ak COVID ap diminye, li vin responsablite moun k ap pran desizyon nan politik, defansè, ak lidè kominotè pou jwenn fason dirab pou ogmante efò k ap fèt nan ekite dijital k ap pouse pwogrè non sèlman nan nivo ekite swen sante men tou nan edikasyon, opòtinite nan ekonomi, ak byennèt jeneral nan nivo kominote yo.”

The Boston Globe

Me 2022

N ap kontan akeyi amelyorasyon nan aksè dijital pou ameriken salè fèb — kounye a sipòte li

“Aktyèlman, 48 milyon fwaye ameriken kalifye pou enskri nan Pwogram Konektivite Abòdab ki baze sou salè yo, men enskripsyon total la pa pre chif sa a ditou. Pèsistans separasyon an ranfòse bezwen pou ofisyèl gouvènman yo ak founisè sèvis entènèt yo pou fè patenarya ak òganizasyon kominotè yo ka fè konfyans pou idantifye ak enskri patisipan ki kalifye yo.”

THE BAY STATE Banner

Oktòb 2022

Ogmante opòtinite nan kominote Nwa yo

“Inegalite dijital n ap gade jodi a se rezilta plizyè jenerasyon mank envestisman nan kominote Nwa yo — nan ensfraztrikti fizik, nan aksè ak aparèy dijital, ak nan pwogramasyon k ap bay moun yo konesans ak konpetans yo bezwen pou yo patisipe totalman. Ranvèsman eritaj sa a pral mande envestisman k ap reflekte baryè depaman sa yo.”



Jiyè 2022

Finansman Majè ARPA pou Gwoup Ekite Dijital Boston

“Boston te distribye \$2 milyon pou American Rescue Plan Act (ARPA) finansman ke yo bay sou fòm sibvansyon nan yon gwoup ekite dijital lokal, pandan li fè sa defansè nan espas la rele pi gwo dispèsyon lajan ki fèt nan nivo kominotè rive nan dat jodi a.”

BOSTON BUSINESS JOURNAL

Janvyè 2023


Pwennvi: Koneksyon Moun Boston ak enklizyon dijital

“Nou tout ladann, men nou bezwen lòt moun pou vin jwenn nou. Gras ak sansibilizasyon kominotè, fòmasyon pratik, ak zouti ak konsyantizasyon sou pwogram band pasant gratis ak bon mache, navigatè dijital yo ap ofri plis opòtinite pou abitan katye nou yo pou yo resevwa asistans konektivite nan men moun yo konnen deja ak fè konfyans — sa ki pral fè Boston fè pwogrè ni nan nivo dijital ak nan nivo ekite.”

Finans

Sipò nan tout nivo esponsò ak bayè pou Tech Goes Home pèmèt nou ofri pwogram enklizyon k ap ouvri aksè pou resous esansyèl ak opòtinite ki genyen ladann edikasyon, swen sante, opòtinite ekonomik, ak angajman sivik. Ak pandemi a ki te mete aksan sou ijans ki genyen pou enklizyon dijital, vin gen nouvo sous finansman disponib pou abòde separasyon dijital la epi asire yon rekiperasyon ak COVID-19 ki pi ekite. TGH te anbrase opòtinite sa a pou pouse enpak ak ekspansyon nou pi lwen, sa ki genyen ladann ogmante travay pledwaye nou pou kolabore ak moun k ap fè politik yo. Gras ak opòtinite finansman yon fwa inik sa yo k ap eksite devlopman nou, TGH rete rekonesan ak angaje nan sektè prive nou ki pral sipòte dirablite ak kwasans nou pi lwen pase soulajman tanporè COVID-19.


Ane Fiskal 22 Filantwopi/Rantre




Sous Filantwopi
\$74,573 Endividi / \$887,089 Kòporasyon / \$900,956 Fondasyon

Sous Gouvènman
\$3,503,973 Fon Soulajman COVID-19 Eta ak Vil

Depans Ane Fiskal22



Konparezon Revni ak Depans



Sipòtè Nou Yo

TGH rekonesan ak donatè nan tout nivo ki te chwazi sipòtè travay nou pou ede pwogrè fèt nan domèn ekite dijital. TGH ta renmen onore sila yo ki sipòtè travay nou ak kado \$1,000 ak plis pou Ane Fiskal 2022 (1ye Jan–31 des. 2022).

\$400,000+

Patrick J. McGovern Foundation

\$200,000–\$399,999

Capital One
Essex County Community Foundation
Michael & Susan Dell Foundation

\$100,000–\$199,999

Anonymous
Cambridge Savings Charitable Foundation
Comcast
Cummings Foundation
NETSCOUT
Next Level Social Impact
QBE Foundation

\$50,000–\$99,999

Amelia Peabody Foundation
Anonymous
Liberty Mutual Foundation
PNC Foundation
SharkNinja
Verizon Foundation

\$25,000–\$49,999

Life Science Cares
Bank of America Charitable Foundation
Reverend John Finley
Highland Street Foundation
The Mabel Louise Riley Foundation

\$10,000–\$24,999

AT&T
Fish Family Foundation
Fred J. Brotherton Charitable Foundation
Goodman-Swindell Family Foundation
Plymouth Rock Assurance Foundation

\$1,000–\$9,999

Aaron Levie
Alliant Credit Union Foundation
Anne and Roger Berman
Anonymous
Bruce Glabe and Marie Hayward
Cambridge Community Foundation
Chadwick Martin Bailey, Inc.
Dan & Jeanne Ross Family Fund
Dominic Lloyd
Dr. Nancy Li
Eastern Bank
Edith C. Crocker Charitable Foundation
Elizabeth and Brian Schwab
Google
Jennifer Gilbert
Joe Heddal and Jane Wojick
Joel Jacobs
Karyn Wilson and Miles Byrne
Leanne and Adam Goff
Lee H. Schwamm, MD
Lopez-Baldrich Family
Louie Balasny
Maria Harris
Miro
Steve Vinter
The Parker Family

Salè ki Touche

Alliance for Digital Equity
Boston Public Library
Everett Public Schools,
Office of English Learners
JVS Boston

Sipò Gouvènman

City of Boston
Massachusetts Broadband Institute (MBI)
Commonwealth of Massachusetts
Neighborhood Jobs Trust, Office of
Workforce Development
Urban Agenda Grant Program,
Commonwealth of Massachusetts

CITY of BOSTON

TGH rekonesan pou sipò
fondamantal li te resewva nan men
Vil Boston ak Majistra Michelle
Wu, ansanm ak Manm Konsèy Vil
Bok, Flynn, ak Mejia ansanm ak rè
Konsèy Vil Boston an.

Anplis de sa, TGH rekonesan pou
sipò Rep. Chynah Tyler, ansyen
Rep. Nika Elugardo, ak Rep.
Russell Holmes.

➔ Pou plis enfòmasyon sou fason pou sipòtè
TGH tanpri kontakte Alyssa Bogosian,
alyssa@techgoeshome.org, 617-237-0743



Pwojektè sou Envestisè Nou

TANDE YON ENVESTISÈ TGH

Fondasyon Patrick J. McGovern (PJMf) te kontinye aji tankou yon patnè filantwopik valab Tech Goes Home depi 2021, kote li te ofri sibvansyon ak jenewozite epi patenarya reflechi pou sipòtè nou nan travay ekite dijital nou an. PJMF te ofri sipò finansye enpòtan pou pwogram enklizyon dijital nou an, e li te bay tou finansman pou yon pwojè rechèch enpòtan sou ekite dijital, an patenarya ak Doktè Colin Rhinesmith nan Digital Equity Research Center, sa ki pral pwodui Teyori Chanjman pou TGH ak yon papye blan ki genyen dekouvèt rechèch la nan avantaj kominote pi laj ekite dijital la.



“ Separasyon dijital la p ap rezoud sèlman ak plis fib optik. Objektif reyèl la – enklizyon dijital – mande pou sila yo ki nan ban devan vilnerabilite yo jwenn aksè ak zouti, konpetans, ak opòtinite. Se yon onè pou nou pou fè patenarya ak Tech Goes Home pou asire ke chak moun Boston pral pataje nan pwosperite avni dijital nou an.

Vilas Dhar, Prezidan Fondasyon Patrick J. McGovern

Anplwaye

Nicole Monique Beede
Manadjè Patenarya

Alyssa Bogosian
Manadjè Devlopman

Dahlia Bousaid Cox
Responsab an Chèch Pwogrè

Mia Paggett Crabbe
Responsab an Chèch Moun

Lily Abha Cratsley
Kowòdonatè Kominikasyon

Lois Contreras Gutierrez
Manadjè Patenarya

Chloe Jean
Kowòdonatè Operasyon Pwogram

John Jones
Responsab an Chèch Operasyon

Sangha Kang-Le
Manadjè Asistan Pledwaye

Barbara Kim
Direktè Evalyasyon

Madison Martin
Kowòdonatè Operasyon Pwogram

Mei Ngo
Manadjè Asistan Fòmasyon ak Teknoloji

Daniel Noyes
Chèch Egzekitif

Demi Padilla
Direktè Operasyon

Natalie Petit
Manadjè Operasyon Pwogram

Gina Josette Rivera
Responsab an Chèch Pwogram Enterimè

Laslin Tifiano
Kowòdonatè Sipò Pwogram

Marvin Venay
Responsab an Chèch Pledwaye

Konsèy Direksyon

Elizabeth Schwab, Prezidan
Responsab Afè Ekstèn, New England, PA, VA, Google

Bruce Glabe, Trezorye
Ansyen Finansye an Chèf, Appalachian Mountain Club

Anne Bailey Berman
Prezidan, Chadwick Martin Bailey

Louie Balasny
Direktè Tech & VC nan First Republic Bank

Colin Cabral
Patnè, Proskauer Rose LLP

Prince Charles
Kowòdonatè Sant Aprantisaj Òdinatè, Codman Square NDC

Adam Goff
Vis Prezidan Vant, Box

Maria Harris
Ansyen Direktè pou Edikasyon Granmoun, Boston Public Schools

Joe Hedal
Ansyen Asistan Direktè ak Enstriktè Klinik, Harvard Law School - Transactional Law Clinics

Antonio Lobo
Direktè Devlopman Mendèv, Catholic Charities

Pedro J. Lopez-Baldrich
Responsab Legal an Chèf, EVP, SharkNinja

Daniel Noyes
PDJ, Tech Goes Home

Lee Schwamm
Vis Prezidan Digital Health & Virtual Care, Mass General Brigham

Tech Goes Home rekonesan pou kominote donatè nan tout nivo nou yo ki te ede rann travay sa a posib. Nou fyè pou rekonèt sipòtè prensipal annapre yo:

CITY of BOSTON

MBI
MASSACHUSETTS
BROADBAND INSTITUTE

at the MassTech
Collaborative

WD Mass's Office of
**WORKFORCE
DEVELOPMENT**

JVS
SKILLS - JOBS - CAREERS

eccf
EDUCATION
COMMUNITY
COUNCIL OF
FUTURE LEADERS

**UNIVERSITY OF
SOUTH ALABAMA**
DIGITAL
EXTENSION

**Patrick J McGovern
FOUNDATION**

**Michael & Susan Dell
FOUNDATION**

AT&T

CapitalOne

**Next Level
Social Impact**

**internet>>
essentials**
FROM COMCAST

NETSCOUT.
Guardians of the Connected World

QBE

Shark NINJA

**Cummings
Foundation**

**Liberty Mutual
INSURANCE**

csb
Cambridge
SAVINGS BANK

verizon

**The Alliance
for Digital Equity**

**MELIA
TEARBODY
FOUNDATION**

**PNC
FOUNDATION**



131 Dartmouth Street
3rd Floor
Boston, MA 02116

(617) 398-7831
info@techgoeshome.org
techgoeshome.org

[@techgoeshome](https://www.facebook.com/techgoeshome)
[fb.com/techgoeshome](https://www.facebook.com/techgoeshome)
[flickr.com/techgoeshome](https://www.flickr.com/photos/techgoeshome)

[linkedin.com/company/tech-goes-home](https://www.linkedin.com/company/tech-goes-home)
[@techgoeshome](https://www.facebook.com/techgoeshome)
[youtube.com/user/techgoeshome](https://www.youtube.com/user/techgoeshome)